<b>perceraian</b> <i>n</i>	pipisahan	kosak kasik

<b>ceramah</b> <i>n</i>	ceramah	ceramah
<b>berceramah</b> <i>v</i>	méré ceramah	nggawé ceramah
<b>menceramahkan</b> <i>v</i>	nyeramahan	nyeramahi
<b>penceramah</b> <i>n</i>	nu caramah	wong kang nyeramahi
<b>cerca, mencerca</b> <i>v</i>	nyawad; moyok; ngécé	ngécé
<b>cerdas</b> <i>a</i>	seukeut pikiranana; pinter	pinter
<b>mencerdaskan</b> <i>v</i>	minterkeun	minteraken
<b>kecerdasan</b> <i>n</i>	kapinteran	kepinteran
<b>cerdik</b> <i>a</i>	pinter jeung loba akalna	cerdik
<b>kecerdikan</b> <i>n</i>	kapinteran; kalicikan	kecerdikan
<b>cerek</b> <i>n</i>	téko	téko; cérék
<b>cerewet</b> <i>a</i>	céréwéd	bawél; cabak
<b>ceria</b> <i>a</i>	marahmay (paroman); bungah	cengar; bungah
<b>cerita</b> <i>n</i>	carita; dongéng	kisah; crita; cerita; lelakon; dongeng
<b>bercerita</b> <i>v</i>	ngadongéng	ndongeng; nyrita
<b>menceritakan</b> <i>v</i>	nyaritakeun	nyritakaken; ndongengaken
<b>pencerita</b> <i>n</i>	nu cacarita; tukang carita	wong kang crita
<b>ceritaan</b> <i>n</i>	ceritaan; omongan	critaan; dongeng
<b>cermai</b> <i>n</i>	ceremé	créme
<b>cermat</b> <i>a</i>	taliti; talété	telaten; teliti
<b>mencermatkan</b> <i>v</i>	nalitikeun	nlateni
<b>mencermati</b> <i>v</i>	nalitian	nlateni terus
<b>kecermatan</b> <i>n</i>	katalitian	tlaten; ketlatenan
<b>cermin</b> <i>n</i>	eunteung	kaca
<b>bercermin</b> <i>v</i>	ngeunteung	ngaca
<b>cerna</b> <i>a</i>	ancur; bubuk	leg
<b>ceroboh</b> <i>a</i>	gagabah; lalawora	capala; grasa- grusu; larawora
<b>cerobong</b> <i>n</i>	liang haseup	cobong
<b>cerutu</b> <i>n</i>	surutu	srutu

<b>cetak</b> <i>n</i>	citak	citak
<b>mencetak</b> <i>v</i>	nyitak	nyitak
<b>cetakan</b> <i>n</i>	citakan	citakan
<b>percetakan</b> <i>n</i>	percitakan	usaha citakan
<b>cibir</b> <i>v</i> , <b>mencibir</b> <i>v</i>	ngajebian	mejep- menjep
<b>cicak</b> <i>n</i>	cakcak	cecek
<b>cicil</b> <i>v</i>	cicil; angsur	nyicil
<b>mencicil</b> <i>v</i>	nyicil; ngangsur	nyicil
<b>cicilan</b> <i>n</i>	cicilan; angsuran	cicilan
<b>cicip</b> <i>v</i> , <b>mencicipi</b> <i>v</i>	nyicipan	angicipi; nyicipi
<b>cicit</b> <i>n</i>	buyut	buyut
<b>ciduk, menciduk</b> <i>v</i>	nyiduk	nyiduk
<b>cincang, mencincang</b> <i>v</i>	nyacag	nyacag
<b>cincau</b> <i>n</i>	cingcaw	cingcaw
<b>cincin</b> <i>n</i>	cingcin; ali	ali-ali; sim-sim; kalpika
<b>cinta</b> <i>a</i>	bogoh; cinta	demen; tresna
<b>mencintai</b> <i>v</i>	mikacinta; mikabogoh; mikadeudeuh	nresnani; ndemeni
<b>tercinta</b> <i>v</i>	nu dipikacinta; nu dipikanyaah; kabogoh	kang paling didemeni
<b>kecintaan</b> <i>n</i>	kanyaah; kacinta; katrésna	katrésnan
<b>ciprat</b> <i>v</i>	céprét	ciprat
<b>kecipratan</b> <i>n</i>	kacéprétan	kecipratan
<b>cipta</b> <i>n</i>	cipta	angit; cipta
<b>mencipta</b> <i>v</i>	nyipta	nyipta
<b>menciptakan</b> <i>v</i>	nyiptakeun	nyiptakaken; nyiptanang
<b>tercipta</b> <i>v</i>	geus diciptakeun	nyiptakaken; kecipta
<b>pencipta</b> <i>n</i>	nu nyiptakeun	wong kang nyiptakaken
<b>ciri</b> <i>n</i>	ciri; tanda; ( <i>lem</i> ) tawis	ciri
<b>berciri</b> <i>v</i>	cirian; aya cirina; ngabogaan tanda	duwé ciri; duwé tetenger
<b>bercirikan</b> <i>v</i>	ngagunakeun ciri atawa	ana tengeré

	tanda	
<b>cita</b> <i>n</i> , <b>cita-cita</b> <i>n</i>	cita-cita	cita-cita
<b>bercita-cita</b> <i>v</i>	boga cita-cita	nduwéni cita-cita
<b>citra</b> <i>n</i>	gambaran; wangwangan	awangan
<b>cium</b> <i>v</i>	cium; ( <i>lem</i> ) ambung	ambung; sun; karas
<b>berciuman</b> <i>v</i>	silihcium; pacium-cium	ambung-ambungan; sunsunan
<b>mencium</b> <i>v</i>	nyium; ngesun; ngambung	ngambung; nyium; ngingus
<b>menciumi</b> <i>v</i>	nyiuman	ngambungi; ngam- bung-ambung; ngingusna
<b>menciumkan</b> <i>v</i>	nyiumkeun; ngambungkeun	ngingusaken; kahambu; kingus
<b>tercium</b> <i>v</i>	kacium; kaambung	kecium; keambung
<b>ciuman</b> <i>n</i>	ciuman	ambungan
<b>pencium</b> <i>n</i>	nu nyium	wong kang ngambung
<b>coba</b> <i>v</i>	coba; ( <i>lem</i> ) cobí	jajal; nyacak
<b>mencoba</b> <i>v</i>	nyobaan	nyobi; nyoba; njajal
<b>mencoba-coba</b> <i>v</i>	nyonyoba	jajali
<b>mencobai</b> <i>v</i>	nyobaan	nyobai; jajalan; cobaan
<b>mencobakan</b> <i>v</i>	nyobakeun ka	jajalaken
<b>cobaan</b> <i>n</i>	cobaan	cacakan; musibah
<b>coban</b> <i>n</i>	jarum layar	coban
<b>cobek</b> <i>n</i>	coét	cowét
<b>coblos, mencoblos</b> <i>v</i>	nyolok	nyoblos; nyolok
<b>pencoblos</b> <i>n</i>	nu nyolok	wong kang nyoblos
<sup>1</sup> <b>cocok</b> <i>a</i>	cocog; panuju haté	esreg; ceceg; pas; klop
<b>mencocok</b> <i>v</i>	nyocogkeun	cecegena; nyocokaken
<b>mencocok-cocok</b> <i>v</i>	nyocog-nyocogkeun	ngesreg-esregkena;

<b>mencocokkan</b> <i>v</i>	nyocogkeun	ngesregaken ngeklopkena; ngeklopaken
<b>tercocok</b> <i>a</i>	pangcocogna	sing kang ceceg; wis cocok
<b>kecocokan</b> <i>n</i>	kacocokan	kececegan; kecocogan
<sup>2</sup> <b>cocok</b> <i>n</i> , <b>mencocok</b> <i>v</i>	nojos; nusuk	nojos; nusuk
<b>mencocok-cocok</b> <i>v</i>	nojosan	nojosi
<b>mencocokkan</b> <i>v</i>	nojoskeun; nyeumatkeun; nyolokkeun	nojosaken
<b>tercocok</b> <i>v</i>	kacolok; katojos	ketojos; kecolok
<b>cocol</b> , <b>mencocol</b> <i>v</i>	nyocol; nyoél	nyocol
<b>codot</b> <i>n</i>	cocodot; lalay	codot
<sup>1</sup> <b>cokelat</b> <i>n</i>	soklat	cokelat; soklat
<sup>2</sup> <b>cokelat</b> <i>n</i>	(warna) coklat	coklat
<b>colek</b> <i>n</i>	nyolék	jawil; duwil; juwil
<b>mencolek</b> <i>v</i>	nyolék	njawil
<b>colekan</b> <i>n</i>	colékan	colékan; jawilan
<b>pencolek</b> <i>n</i>	<b>1</b> nu nyolék; <b>2</b> alat pikeun nyolék	<b>1</b> wong kang njawil; <b>2</b> prabot kanggo njawil
<b>secolek</b> <i>n</i>	sacolék	secolék; sejawil
<b>colek-colek</b> <i>v</i>	colak-colék	jawil-jawil; gawal- gowel; dual-duil
<b>colok</b> <i>v</i> , <b>mencolok</b> <i>v</i>	nyolok	nyolok
<b>tercolok</b> <i>v</i>	kacolok; katojos	kecolok
<b>colong</b> , <b>mencolong</b> <i>v</i>	maok; ngabangsat	nyolong
<b>kecolongan</b> <i>v</i>	kamalingan; kabangsat	kecolongan
<b>comberan</b> <i>n</i>	kalombéran; koco	kecombéran; got; ceboran
<b>comblang</b> <i>n</i>	panglayar	jomblang
<b>compang-camping</b> <i>a</i>	compang-camping	compang-camping; rowak-rowék
<b>condong</b> <i>a</i>	doyong; déngdék	doyong
<b>congak</b> , <b>mencongak</b> <i>v</i>	ngitung ditalar	itung cepet

<b>congkak</b> <i>a</i>	sombong; adigung; angkuh	sombong; angkuh
<b>congkel</b> <i>v</i>	cokél	cukil
<b>mencongkel</b> <i>v</i>	nyokél	dicukil
<b>contoh</b> <i>n</i>	conto	conto; gugu; misal
<b>mencontoh</b> <i>v</i>	nyonto	ngegugu; nyonto
<b>mencontohi</b> <i>v</i>	nyontoan	kang digugu; kang dicono
<b>mencontohkan</b> <i>v</i>	nyontokeun; méré conto	ngegugu karo; ngupai conto
<b>percontoh</b> <i>n</i>	tiap conto	tiap kang digugu
<b>copot</b> <i>v</i>	coplok; pocot	copot
<b>mencopot</b> <i>v</i>	<b>1</b> nyoplok; <b>2</b> mocot; mecat	<b>1</b> nyopot; <b>2</b> ngetoka- ken; metuaken
<b>coret, mencoret</b> <i>v</i>	nyorét	nyorét
<b>coretan</b> <i>n</i>	corétan	corétan
<b>cotok</b> <i>n</i>	pamatuk	cotok
<b>mencotok</b> <i>v</i>	macok	matuk
<b>cuaca</b> <i>n</i>	cuaca; kaayaan hawa	cuaca
<b>cubit</b> <i>n</i> , <b>mencubit</b> <i>v</i>	nyiwit	jiwit; njiwit
<b>mencubit-cubit</b> <i>v</i>	nyiwitan	njiwiti
<b>cubitan</b> <i>n</i>	ciwitan	jiwitan
<b>cucur</b> <i>v</i> , <b>bercucuran</b> <i>v</i>	ngucur; nyuruluk	glecer; gleceran
<b>cuci</b> <i>v</i> , <b>mencuci</b> <i>v</i>	nyeuseuh; ngumbah	ngumbah; bebasuh, mangapi
<b>mencucikan</b> <i>v</i>	nyeuseuhkeun; mangnyeuseuhkeun; ngumbahkeun	ngumbahaken
<b>tercuci</b> <i>v</i>	kaseuseuh; kakumbah	kekumbah
<b>cucian</b> <i>n</i>	seuseuheun; kumbaheun	kumbahan
<b>pencuci</b> <i>n</i>	<b>1</b> tukang nyeuseuh; <b>2</b> parabot pikeun nyeseuh	<b>1</b> tukang ngumbahi; <b>2</b> alat kanggo ngumbah
<b>cucu</b> <i>n</i>	incu	putu
<b>bercucu</b> <i>v</i>	boga incu	duwé putu
<b>cukai</b> <i>n</i>	cuké	cuké

<b>cukup</b> <i>a</i>	cukup; ( <i>lem</i> ) cekap	pas; cukup; cekap; jugala
<b>cukur</b> <i>v</i>	cukur; ( <i>lem</i> ) paras	cukur; paras; kuris
<b>bercukur</b> <i>v</i>	nyukur	nyukur; makuris; maras
<b>mencukur</b> <i>v</i>	nyukur; maras	nyukur
<b>pencukur</b> <i>n</i>	<b>1</b> tukang cukur; <b>2</b> alat pikeun nyukur	<b>1</b> tukang cukur; <b>2</b> alat nggo nyukur
<b>cula</b> <i>n</i>	cula	cula
<b>cuma</b> <i>adv</i>	ngan; mung; saukur	cuma, kader; meder
<b>cuma-cuma</b> <i>adv</i>	<b>1</b> euweuh gunana; <b>2</b> teu perlu mayar; haratis	cuma-cuma
<b>percuma</b> <i>adv</i>	cumah; percumah	percuma
<b>mempercumakan</b> <i>v</i>	ngamercumahkeun; méré cuma-cuma; haratis	mercumaken
<b>cumbu</b> <i>n</i>	ngolo; ngalap haté	arem; gragas; jrojog
<b>bercumbu</b> <i>v</i>	silihoho; silihoconan, silihrankul, jsb (keur bobogohan)	gragasan; demenan
<b>mencumbu</b> <i>v</i>	ngarayu; ngolo	pating gragasan; ngrayu
<b>mencumbui</b> <i>v</i>	ngarayuan	nyumbui
<b>cumbuan</b> <i>n</i>	rayuan; kecap-kecap pamanis	cumbuan; jogrégan
<b>cumi-cumi</b> <i>n</i>	cumi-cumi	cumi-cumi
<b>cungkil</b> <i>n</i>	cokél	cukil; ungkil; sungkil, nyungkil; nyukil
<b>cuplik</b> <i>v</i> , <b>mencuplik</b> <i>v</i>	ngutip; nyalin; nulad; nurun	nyuplik
<b>cuplikan</b> <i>n</i>	kutipan; cuplikan	petilan; petelan
<b>curah</b> <i>n</i>	turun; lobana cai nu ragrag	tiba ning isor; grojog
<b>mencurah</b> <i>v</i>	ngagebrét (hujan)	gumrojog
<b>mencurahkan</b> <i>v</i>	mahékeun; ngalimpahkeun	nggrojokaken
<b>curahan</b> <i>n</i>	nu diparinkeun; nu	grojogan

	diragragkeun	
<b>curam</b> <i>a</i>	lungkawing; gurawés	curam
<b>curang</b> <i>a</i>	curang; licik	built; licik; curang
<b>mencurangi</b> <i>v</i>	ngalakukeun curang; ngalicikan	ngecurangi
<b>kecurangan</b> <i>n</i>	kacurangan; kalicikan	kecurangan; kebulitan
<b>curi</b> <i>v</i> , <b>mencuri</b> <i>v</i>	maling; maok; nyokot	cora, embat; nyolong
<b>mencuri-curi</b> <i>v</i>	nyuri-nyuri; maling- maling	maling; nyolong
<b>curian</b> <i>n</i>	hasil maling; hasil maok	colongan
<b>pencuri</b> <i>n</i>	maling; bangsat	tukang nyolong; maling
<b>kecurian</b> <i>v</i>	kapalingan; kaleungitan	kecolongan
<b>curiga</b> <i>a</i>	curiga	cureng; was-was
<b>mencurigai</b> <i>v</i>	nyurigaan	nyurigai
<b>mencurigakan</b> <i>v</i>	nyurigakeun	nyurigaken; nyurigakaken
<b>kecurigaan</b> <i>n</i>	kacurigaan	kecurigaan
<b>cuti</b> <i>n</i>	cuti; perlop	préi
<b>bercuti</b> <i>v</i>	ninggalkeun pagawéan pikeun istirahat	réhat





## D

INDONESIA	SUNDA	CIREBON
<b>dacin</b> <i>n</i>	dacin	dacin; timbangan
<b>mendacin</b> <i>v</i>	ngadacinan; ngiloan	ngedacin; nimbang
<b>dada</b> <i>n</i>	dada	wijang; dada
<b>berdada</b> <i>v</i>	boga dada	duwé dada
<b>mendada</b> <i>v</i>	nangkis atawa nahan maké dada	nepuk dada; ngedada
<b>dadak</b> <i>v</i> , <b>mendadak</b> <i>adv</i>	ngadadak	ndadak; ngedadak
<b>dadakan</b> <i>n</i>	dadakan	ngedadak; dadak sakala
<b>dadali</b> <i>n</i>	dadali <i>n</i>	dedali
<b>dadar</b> <i>n</i>	dadar	dadar
<b>dadu</b> <i>n</i>	dadu	persegi
<b>daerah</b> <i>n</i>	daérah; wewengkon	wewengkon; ulayat; distrik
<b>daftar</b> <i>n</i>	daptar	daptar
<b>mendaftar</b> <i>v</i>	ngadaptar	daptarkena; daptarnang
<b>mendaftarkan</b> <i>v</i>	ngadaptarkeun	ngedaptarkena; ndaptaraken
<b>terdaftar</b> <i>v</i>	kadaptar	kedaptar
<b>pendaftar</b> <i>n</i>	nu ngadaptar	wong kang daptar
<b>dagang</b> <i>n</i>	dagang; jual	dagang; adol
<b>berdagang</b> <i>v</i>	dagang; jualan; jual beli	dagang; ndodol; walija
<b>mendagangkan</b> <i>v</i>	ngadagangkeun	ngadolaken; ngadol

<b>dagangan</b> <i>n</i>	dagangan	dodolan
<b>pedagang</b> <i>n</i>	nu dagang	wong kang ndodol
<b>daging</b> <i>n</i>	daging	daging
-- <b>hewan</b>	daging sasatoan	daging kewan
<b>mendaging</b> <i>v</i>	ngadaging	dadi daging
<b>berdaging</b> <i>v</i>	dagingan; aya dagingna	ana dagingé
<b>sedaging</b> <i>a</i>	sadaging	sedaging
<b>dagu</b> <i>n</i>	gado	janggut
<b>dahaga</b> <i>a</i>	halabhab; hanaang	aus; ngelak; ngeli nginun
<b>dahak</b> <i>n</i>	reuhak	jlagra
<b>berdahak</b> <i>v</i>	reuhakan; ngaluarkeun reuhak	duwé jlagra
<b>mendahak</b> <i>v</i>	ngareuhak	jlagrai
<b>dahan</b> <i>n</i>	dahan	pang
<b>berdahan</b> <i>v</i>	boga dahan; dahanan	berpang; ana pange
<b>mendahan</b> <i>v</i>	aya dahanan; mimiti sirungan	ngepang
<b>dahi</b> <i>n</i>	taar; tarang	batuk; jidat
<b>dahsyat</b> <i>a</i>	hébat; rongkah	seru; luar biasa
<b>mendahsyat</b> <i>v</i>	jadi tambah rongkah	seru; luar biasa
<b>mendahsyatkan</b> <i>v</i>	ngabalukarkeun hébat atawa rongkah	dadi seru
<b>kedahsyatan</b> <i>n</i>	karongkahan; kahébatan	keseruan
<b>dahulu</b> <i>adv</i>	baheula; baréto	biyén
-- <b>kala</b>	jaman buhun	unikala; kina-kina; jaman semana; bengen
<b>mendahului</b> <i>v</i>	miheulaan	ngangarepi; ngului; ndikiti
<b>mendahulukan</b> <i>v</i>	ngaheulakeun	ngului; ndikiti
<b>terdahulu</b> <i>a</i>	pangheulana; mimiti	benglen
<b>pendahuluan</b> <i>n</i>	mimitian	pendahuluan
<b>dajal</b> <i>n</i>	dajal	dajal
<sup>1</sup> <b>daki</b> <i>v</i> , <b>mendaki</b> <i>v</i>	naék (gunung, pasir,	mungguh; munjuk

	jsb)	
<b>terdaki</b> <i>v</i>	kataékan; bisa ditaékan	kemungghahi
<b>dakian</b> <i>n</i>	tanjakan; hasil naékan	mungghahan
	gunung	
<b>pendaki</b> <i>n</i>	nu naék gunung	wong kang mungghahi gunung
<sup>2</sup> <b>daki</b> <i>m</i>	daki	bolot
<b>berdaki</b> <i>v</i>	dakian	ana boloté
<b>daku</b> <i>pron</i>	déwék; kuring	kita; isun; kula
<b>dakwa</b> <i>n</i>	dakwa; dawa	dakwa; tuduh
<b>mendakwa</b> <i>v</i>	ngadakwa; ngadawa	ndakwa
<b>mendakwai</b> <i>v</i>	ngadakwaan; nungtut (hak jsb)	nuntut
<b>mendakwakan</b> <i>v</i>	ngadakwakeun; ngadawakeun	ndakwakakén
<b>terdakwa</b> <i>n</i>	nu didakwa; nu didawa	kang kedakwa
<b>pendakwa</b> <i>n</i>	nu ngadakwa; nu ngadawa	wong kang ndakwa
<b>dakwaan</b> <i>n</i>	dakwaan; dawaan	dakwaan
<b>dalam</b> <i>a</i>	jero; lebet	jro; gen; jero; leget
<b>mendalam</b> <i>v</i>	asup ka jero; ngajeroan	jro pisan
<b>mendalami</b> <i>v</i>	nekunan; meuleuman	ngulik
<b>mendalamkan</b> <i>v</i>	ngajerokeun	jroaken
<b>dalaman</b> <i>n</i>	jeroan	jeroan; jerowan
<b>memperdalam</b> <i>v</i>	ngajeroan; nganteubkeun	jroni
<b>pedalaman</b> <i>n</i>	padalaman	plosok
<b>kedalaman</b> <i>n</i>	jerona	jeroné
<b>sedalam-dalamnya</b> <i>adv</i>	sajero-jerona	sejero-jeroné
<b>dalang</b> <i>n</i>	dalang	dalang
<b>mendalang</b> <i>v</i>	ngadalang	ndalang
<b>mendalangi</b> <i>v</i>	ngadalangan	ndalangi
<b>mendalangkan</b> <i>v</i>	mintonkeun wayang	ndalangkaken
<b>pedalang</b> <i>n</i>	nu ngadalang	dalang; kang ndalang

<b>pedalangan</b> <i>n</i>	padalangan	pendalangan
<b>dalih</b> <i>n</i>	alesan (nu dijieun-jieun)	atilam; alesan
<b>berdalih</b> <i>v</i>	ngedalkeun alesan; ngutarakeun alesan	atilam
<b>Mendalihkan</b> <i>v</i>	nyieun alesan	gawé alesan
<b>dalil</b> <i>n</i>	dalil	dalil
<b>berdalil</b> <i>v</i>	ngabogaan dalil	ndalil
<b>mendalilkan</b> <i>v</i>	ngadalilkeun	ndalilkaken
<b>damai</b> <i>a</i>	aman; tengtrem; répéh rapih	aman; tentram; tentrem
<b>berdamai</b> <i>v</i>	akur deui; eureun pupu- suhun; nengtremkeun	nentramaken; tentrem
<b>mendamaikan</b> <i>v</i>	ngusahakeun supaya akur deui; nengtremkeun	nentremaken
<b>perdamaian</b> <i>n</i>	katengtreman	ketentremen; kerukunan
<b>pendamai</b> <i>n</i>	nu nengtremkeun; nu ngakurkeun	wong kang nentremaken
<b>kedamaian</b> <i>n</i>	kaayaan tenang; katengtreman	ketentremen; katentremen
<b>damba</b> <i>a</i>	hayang pisan; ngarep- ngarep	damba; ngarep
<b>mendambakan</b> <i>v</i>	mikahayang; ngarepkeun	ngedamba; ngarepaken
<b>dambaan</b> <i>n</i>	nu dipikahayang; nu diarep-arep	dambaan; arepan; dipengini
<b>pendamba</b> <i>n</i>	nu mikahayang; nu ngarep-ngarep	wong kang ngedamba
<b>dampak</b> <i>n</i>	pangaruh; akibat	akibat
<b>berdampak</b> <i>v</i>	mangaruhan; ngakibatkeun	ngakibaté
<b>mendampak</b> <i>v</i>	mangaruhan; ngakibatkeun	ngakibataken
<b>damprat, mendamprat</b> <i>v</i>	nyarékan	ngedamprat; nyeloot
<b>dampratan</b> <i>n</i>	hinaan; carékan	dampratan

<b>pendamprat</b> <i>v</i>	nu nyarékan	wong kang ngedamprat
<b>dan</b> <i>p</i>	jeung; ( <i>lem</i> ) sareng	lan; kelawan; karo
<b>dana</b> <i>n</i>	dana; duit; biaya	dana
<b>mendanai</b> <i>v</i>	ngabiayaan	ngedanai; mbayari
<b>pendana</b> <i>n</i>	nu ngabiayaan	wong kang ngedanai; wong kang mbayari
<b>danau</b> <i>n</i>	talaga; situ	lekah; tebat; situ; welahar
<b>dandan</b> <i>v</i>	dangdan	dandan; dangdan; paés
<b>berdandan</b> <i>v</i>	ngaluis; dangdan	dandan; dangdan
<b>mendadani</b> <i>v</i>	ngadangdanan	ndandani
<b>dandanan</b> <i>n</i>	dangdanan	dandanan
<b>dangau</b> <i>n</i>	saung	gubug
<b>dangkal</b> <i>a</i>	déét; ceték	céték
<b>mendangkal</b> <i>v</i>	jadi déét	dadi céték; nyétéki
<b>mendangkalkan</b> <i>v</i>	ngadéétkeun	nyetéékaken; nyetéaken
<b>dangkalan</b> <i>n</i>	babagian tempat anu déét	tempat kang céték;
<b>dapat</b> <i>adv</i>	bisa; mampuh; sanggup	ulih; olih; saged; aget; awéh; angsal
<b>mendapat</b> <i>v</i>	meunang; narima; nampi	moléh; olih
<b>mendapati</b> <i>v</i>	<b>1</b> meunang; <b>2</b> nepung- an; manggihan ka	moléh; ngolihaken
<b>mendapatkan</b> <i>v</i>	<b>1</b> indit nepungan; <b>2</b> meunang	moléh; ngolihaken
<b>pendapat</b> <i>n</i>	pamadegan; buah pamikiran	panganggep
<b>pendapatan</b> <i>n</i>	pangasilan; gaji	gaji
<b>sedapat-dapatnya</b> <i>adv</i>	sameunangna; saayana	seolih-olihé
<b>dapur</b> <i>n</i>	dapur; pawon	dapur, pawon
<sup>1</sup> <b>dara</b> <i>n</i>	parawan; mojang	prawan
<sup>2</sup> <b>dara</b> <i>n</i>	japati	manuk dara

<b>darah</b> <i>n</i>	getih	getih; geti; rah
<b>berdarah</b> <i>v</i>	getihan; ngaluarkeun getih	ngegetih; getihen
<b>mendarah</b> <i>v</i>	ngagetih	nggetih
<b>mendarahi</b> <i>v</i>	ngagetihan	nggetihi; ngetokna getih
<b>pendarahan</b> <i>n</i>	kaluaran getih	keluron
<b>darat</b> <i>n</i>	darat; lemah	darat; lemah
<b>mendarat</b> <i>v</i>	ngadarat; balabuh	ndarat
<b>mendarati</b> <i>v</i>	turun tina kapal (parahu) sarta naék ka darat	ndarati
<b>mendaratkan</b> <i>v</i>	ngadaratkeun	ndarataken
<b>daratan</b> <i>n</i>	daratan	daratan
<b>pendarat</b> <i>n</i>	nu ngadaratkeun	wong kang ndarataken
<b>pendaratan</b> <i>n</i>	tempat ngadaratkeun	tempat ndarataken
<b>dari</b> <i>p</i>	tina; ti	sekoning; sing; saking
<b>sedari</b> <i>p</i>	ti tadi	sing mau; sing wau
<b>dari mana</b> <i>pron</i>	ti mana	sing endi; saking pundi
<b>daripada</b> <i>p</i>	tibatan	semandi; tinimbang; mingmang
<b>dari sana</b> <i>pron</i>	ti palih dinya; ti dinya	sing kana; saking rika
<b>dari sini</b> <i>pron</i>	ti palih dieu; ti dieun	sing kéné; saking riki
<b>dari situ</b> <i>pron</i>	ti dinya	sing kana; sing kono; saking riku
<b>darma</b> <i>n</i>	darma	darma
<b>darmabakti</b> <i>n</i>	darmabakti	darmabakti; darmabekti
<b>mendarmabaktikan</b> <i>v</i>	ngadarmabaktikeun	ndarmabektékaken
<b>darmawisata</b> <i>n</i>	pelesir; piknik	plesir
<b>berdarmawisata</b> <i>v</i>	ngayakeun pesir; ngayakeun piknik	plesiran

<b>darurat</b> <i>a</i>	darurat	darurat
<b>mendaruratkan</b> <i>v</i>	ngajadikeun darurat; ngadaruratkeun	ndadinang darurat; ndadosaken darurat
<sup>1</sup> <b>dasar</b> <i>n</i>	alas; dadasar	dasar
<b>berdasar</b> <i>v</i>	aya dasarna; maké dasar	dasaré
<b>berdasarkan</b> <i>v</i>	dumasar kana; nurutkeun	ndasaraken; dumasar
<b>mendasarkan</b> <i>v</i>	ngadasarkeun	ndasaraken; dumasar
<b>dasi</b> <i>n</i>	dasi	dasi
<b>berdasi</b> <i>v</i>	maké dasi	nggo dasi
<b>data</b> <i>n</i>	data	data
<b>datang</b> <i>v</i>	datang; hadir; ( <i>lem</i> ) sumping	datang; teka; rawuh
<b>datang-datang</b> <i>adv</i>	datang-datang	teka-teka; dugi-dugi
<b>berdatangan</b> <i>v</i>	datang ramé-ramé; loba nu datang; jul-jol	pada teka; pada dugi
<b>mendatang</b> <i>v</i>	nu bakal datang (waktu atawa poé); engké	waktu kang arep teka; waktu ingkang bade dugi
<b>mendatangi</b> <i>v</i>	ngadatangan; nganjangan	ndatengi; anjog; njujug
<b>mendatangkan</b> <i>v</i>	ngadatangkeun	nekaakaken; nekaaken; dugiaken
<b>pendatang</b> <i>n</i>	nu datang; jalma asing lain pribumi	wong kang teka; tiang kang dugi
<b>kedatangan</b> <i>n</i>	kadatangan; datangna	kerawuhan; kedugian
<b>datar</b> <i>a</i>	datar; rata	rata
<b>mendatar</b> <i>v</i>	ngaratakeun	peles; ngratai
<b>mendatarkan</b> <i>v</i>	ngaratakeun	ngerataaken
<b>dataran</b> <i>n</i>	padataran	lebak; dataran
<b>sedatar</b> <i>a</i>	sarua rata; sarua datar	serata; sami datar
<b>datuk</b> <i>n</i>	aki	bapak tua
<b>berdatuk</b> <i>v</i>	boga aki; ngaku aki	duwé bapak tua; nggadah bapa tuwa
<b>daun</b> <i>n</i>	daun	godong; ran; ron



-- enau	kawung	kawung; kajang
-- kawung	klobot	klobot
-- kelapa kering	baralak	blarak
-- kering	kararas	klaras
-- telinga lebar	capang	capang; caplang
-- untuk kambing berdaun <i>v</i>	parab daunan; boga daun	rambangan; pakan duwé godong; gadah ron
mendaun <i>v</i>	mangrupa daun; ngawujud jiga daun	nggodong
daun-daunan <i>n</i>	dangdaunan	godong-godongan
dedaunan <i>n</i>	dangdaunan	godong-godongan; gegodongan
dawai <i>n</i>	kawat	senar; kawat
berdawai <i>v</i>	kawatan; aya kawatna	ana kawaté; ana senaré
daya <i>n</i>	daya	kuwat; kiyat
berdaya <i>v</i>	ngabogaan daya; ngabogaan tanaga	ndwuwéni tenaga
memberdayakan <i>v</i>	ngajadikeun boga daya	mberdayakaken
mendayai <i>v</i>	méré daya	ngupai tenaga
memperdaya <i>v</i>	nipu	nipu; ngapusi
teperdaya <i>v</i>	katipu	ketipu
dayang <i>n</i>	emban	dayang; emban
dayang-dayang <i>n</i>	emban-emban	dayang-dayang; emban-emban
dayung <i>n</i>	dayung	dayung
Mendayung <i>v</i>	ngadayung	ndayung
Mendayungkan <i>v</i>	ngadayungkeun	ndayungaken
pendayung <i>n</i>	<b>1</b> nu ngadayung; <b>2</b> alat pikeun ngadayung	<b>1</b> tukang dayung; <b>2</b> alat nggo ndayung
debar <i>v</i> , berdebar <i>v</i>	ratug	deg-degan
berdebar-debar <i>v</i>	raratug	deg-degan
mendebarkan <i>v</i>	ratug; raratug	deg-degan
debaran <i>n</i>	keteg; ratug	kemetegan; deg- degan

<b>debat</b> <i>n</i>	debat; sawala	debat
<b>berdebat</b> <i>v</i>	debat	tuker pikiran
<b>mendebat</b> <i>v</i>	ngadebat	ngajak debat; ngajak tuker pikiran
<b>memperdebatkan</b> <i>v</i>	ngadebatkeun	ndebataken
<b>pendebat</b> <i>n</i>	nu debat	wong kang debat
<b>debu</b> <i>n</i>	lebu; kekebul	lebu; ereb; awu; ledug
<b>berdebu</b> <i>v</i>	lebuan; ngebul	mledug
<b>mendebu</b> <i>n</i>	jadi lebu	dadi awu; ngeawu
<b>debus</b> <i>n</i>	debus	debus
<b>dedak</b> <i>n</i>	huut	dedek
<b>dedemit</b> <i>n</i>	jurig	memedi
<b>dederuk</b> <i>n</i>	tikukur	deruk
<b>dedikasi</b> <i>n</i>	pangbakti; pangabdian,	dedikasi; pangabakti
<b>mendefinisikan</b> <i>v</i>	méré watesan	ngewatesi; ngartiaken
<b>definit</b> <i>a</i>	pasti	pasti; ajeg
<b>defisit</b> <i>n</i>	kakurangan	kekurangan
<b>deg-degan</b> <i>v</i>	ratug; keketegan	deg-degan
<b>dekam</b> <i>v</i>	kerem	tlekem; dekem; ndekem
<b>dekap</b> <i>v</i>	tangkeup	dakep; pekul sidakep
<b>dekat</b> <i>a</i>	deukeut; (lem caket)	parek; aparek; mara; caket
<b>berdekatan</b> <i>v</i>	padeukeut, deukeut jeung	kerep; peparekan; caketan
<b>mendekat</b> <i>v</i>	nyampeurkeun; ngadeukeutan	marek; nyaket
<b>mendekati</b> <i>v</i>	ngadeukeutan	maparek; mendeki; mareki; nyaketi
<b>mendekatkan</b> <i>v</i>	jadi deukeut (padeukeut); ngadeukeutkeun	mapareki; ngakeli; mareki; nyaketaken
<b>terdekat</b> <i>v</i>	paling deukeut	paling parek; paling

<b>memperdekat</b> <i>v</i>	ngajadikeun leuwih deukeut	caket gawé luwih parek; ndamel langkung
<b>kedekatan</b> <i>n</i>	deukeutna	caket kepareknang; pareké; caketé
<b>dekor</b> <i>n</i>	hiasan	ngerias; majang
<b>mendekor</b> <i>v</i>	ngahias	ngehias; majang
<b>delapan</b> <i>num</i>	dalapan	walu; wok
<b>delima</b> <i>n</i>	dalima	delima
<b>delman</b> <i>n</i>	delman	andong; dokar
<b>demam</b> <i>a</i>	demam	ngatisi; manastis; mringsang
<b>demang</b> <i>n</i>	demang	demang
<b>demi</b> <i>p</i>	kango	kanggo; kanggé
<b>demikian</b> <i>pron</i>	kitu; saperti kitu	mengkenen; mekaten mawon
<b>dempet</b> <i>a</i>	démpét	démpét; dengket; bajang
<b>denah</b> <i>n</i>	dénah	peta
<b>denda</b> <i>n</i>	dengda	denda; dengda,
<b>mendenda</b> <i>v</i>	ngadengda	ngadengda
<b>terdenda</b> <i>v</i>	kadengda	kedenda
<b>dendam</b> <i>a</i>	dengdem	dengdem; wuyung
<b>dendang</b> <i>n</i>	tembang; hariring	tembang
<b>berdendang</b> <i>v</i>	tetembangan; ngahariring	nembang
<b>mendendangkan</b> <i>v</i>	ngahariringkeun; nembangkeun	nembangaken
<b>dendeng</b> <i>n</i>	kéré; déndéng	déndeng; déngdeng
<b>dengan</b> <i>p</i>	jeung; reujeung; ( <i>lem</i> ) sareng	karo; kelawan; lawan kaliyan
<b>-- siapa</b>	jeung saha	karo sopo; karo sapa; sareng sinten
<b>dengar</b> <i>v</i>	déngé; ( <i>lem</i> ) dangu	rungu; krungu
<b>mendengarkan</b> <i>v</i>	ngadéngékeun; ngaregepkeun	ngerunguaken

<b>pendengar</b> <i>n</i>	nu ngadéngékeun	wong kang ngrungu
<b>terdengar</b> <i>v</i>	kadéngé	kerungu
<b>dengki</b> <i>a</i>	dengki; sirik; ngadengki	sirik; dengki; hir
<b>mendengki</b> <i>v</i>	mikasirik	ngedengki
<b>pendengki</b> <i>n</i>	nu sirikan; nu dengki	wong kang ngedengki
<b>dengkul</b> <i>n</i>	tuur	dengkul
<b>dengkur</b> <i>n</i>	kérék	ngorok,
<b>mendengkur</b> <i>v</i>	nyegrék	ngoroké
<b>dengung</b> <i>n</i>	hiung	hereng; bengangang; ngereng
<b>berdengung</b> <i>v</i>	ngahiung	ngumbang
<b>mendengung</b> <i>v</i>	ngahiung	ndengung
<b>denyut</b> <i>n</i>	keteg; nyed-nyedan; enyud-enyudan	dridit; nyut; dredet
<b>berdenyut</b> <i>v</i>	nyed-nyedan; kekerenyudan	kejeti; kumeteg; kerdut; ngededot
<b>depa</b> <i>n</i>	deupa	depa
<b>sedepa</b> <i>n</i>	sadeupa	sedepa
<b>depak</b> <i>v</i>	<b>1</b> nalipak; <b>2</b> <i>hi</i> ngaluarkeun; nurunkeun	depak
<b>mendepak</b> <i>v</i>	nyepak	ndepak
<b>depan</b> <i>n</i>	hareup; ( <i>lem</i> ) payun	muka; arep; harep; ajeng
<b>terdepan</b> <i>a</i>	panghareupna; pangpayunna	palingarep; sing arep
<b>ke depan</b> <i>p</i>	ka hareup	mangarep
<b>depot</b> <i>n</i>	dépot	agen; warung
<b>dera, mendera</b> <i>v</i>	ngarangkét (ku pecut jsb) mangrupa hukuman	anglara; lelara; mecuti
<b>derai</b> <i>n</i>	ngucur	krécék
<b>berderai</b> <i>v</i>	nyurudcud	kérécék
<b>derajat</b> <i>n</i>	darajat	derajat; drajat
<b>sederajat</b> <i>a</i>	sadarajat	sedrajat

<b>deras</b> <i>a</i>	deres	deres
<b>menderas</b> <i>v</i>	jadi deres	nderes
<b>deres</b> <i>v</i> , <b>menderes</b> <i>v</i>	nyadap kawung	ndérés
<b>penderes</b> <i>n</i>	nu nyadap kawung	wong kang ndérés
<b>deret</b> <i>n</i>	jajar	dérét; jajar
<b>derita</b> , <b>menderita</b> <i>v</i>	sangsara; katalangsara	sengsara
<b>derma</b> <i>n</i>	derma; sidekah	derma
<b>menderma</b> <i>v</i>	méré derma	ngupai derma
<b>mendermakan</b> <i>v</i>	ngadermakeun	nyukani derma
<b>penderma</b> <i>n</i>	nu méré derma	tiyang nyukani derma
<b>dermaga</b> <i>n</i>	darmaga	dermaga
<b>dermawan</b> <i>n</i>	nu béréhan; tukang derma	wong kang sering ngu-pai derma
<b>desa</b> <i>n</i>	désa; dusun; kampung	désa; dusun
<b>perdesaan</b> <i>n</i>	padésaan; padusunan	padésan
<b>desah</b> <i>n</i>	rahuh	ngresula
<b>berdesah</b> <i>v</i>	ngarahuh	ngresulakaken
<b>desain</b> <i>n</i>	rancang	rancang
<b>mendesain</b> <i>v</i>	ngarancang	ngrancang
<b>pendesain</b> <i>n</i>	nu ngarancang	ahli ngrancang
<b>desainer</b> <i>n</i>	nu ngarancang	tukang rancang
<b>desak</b> <i>v</i>	sedek	desek
<b>berdesak-desakan</b> <i>v</i>	pasesedek	desek-desekan
<b>mendesak</b> <i>v</i>	nyedek	ndesek
<b>mendesakkan</b> <i>v</i>	nyedekkeun	ndesekaken
<b>pendesak</b> <i>n</i>	nu ngadesek	wong kang ndesek
<b>desakan</b> <i>n</i>	desekan	desekan
<b>terdesak</b> <i>v</i>	kasedek; kadéséh	kedesek
<b>desas-desus</b> <i>n</i>	kabar angin; béja saliwat	kabar angin
<b>Desember</b> <i>n</i>	Désémber	Désémber
<b>desimal</b> <i>n</i>	désimal	désimal
<b>desimeter</b> <i>n</i>	désimeter	désimeter
<b>desing</b> , <b>berdesing</b> <i>v</i>	ngahieung (sora pélor nu ngaliwat)	ndesing
<b>desis</b> , <b>berdesis</b> <i>v</i>	ngahéos	ndesis

<b>destar</b> <i>n</i>	beungkeut sirah; sorban	iket; udeng; blangkon
<b>detak</b> <i>n</i>	keteg	kreteg
<b>berdetak</b> <i>v</i>	ngereteg	teg-tegan
<b>mendetak</b> <i>v</i>	ngereteg	ndetak
<b>detektif</b> <i>n</i>	détéktip	détéktif
<b>detergen</b> <i>n</i>	sabun colék	détérgén
<b>detik</b> <i>n</i>	detik	detik
<b>detonasi</b> <i>n</i>	détonasi	detonasi
<b>detonator</b> <i>n</i>	détonator	detonator
<b>dewa</b> <i>n</i>	déwa	déwa
<b>mendewakan</b> <i>v</i>	ngadéwakeun	ndéwakaken
<b>mendewa-dewakan</b> <i>v</i>	ngadéwa-déwakeun	didéwa-déwakaken
<b>dewan</b> <i>n</i>	déwan	déwan
<b>dewasa</b> <i>a</i>	déwasa; sawawa	déwasa
<b>mendewasakan</b> <i>v</i>	ngadéwasakeun	ndéwasaaken
<b>kedewasaan</b> <i>n</i>	kadéwasaan	kedéwasaan
<b>dewata</b> <i>n</i>	déwa	déwa
<b>dewi</b> <i>n</i>	déwi; déwa awéwé	déwi
<b>di</b> <i>p</i>	di	teng
<b>dia</b> <i>pron</i>	manéhna; ( <i>lem</i> ) anjeunna	déwéké
<b>diabetes</b> <i>n</i>	panyakit gula; diabétes	diabétes
<b>diagram</b> <i>n</i>	gambaran	gambaran
<b>dialek</b> <i>n</i>	dialék	ujaran kas; dialék
<b>dialektologi</b> <i>n</i>	dialéktologi	ilmu kang mlajari dialék
<b>diam</b> <i>v</i>	cicing	meneng
<b>diam-diam</b> <i>adv</i>	cicing-cicing; rerencepan; susulumputan	meneng-meneng
<b>berdiam</b> <i>v</i>	cicing	mandeg
<b>mendiamkan</b> <i>v</i>	ngantep	ngenengaken; dide- lengna baé
<b>pendiam</b> <i>n</i>	cicingeun	menengan
<b>diameter</b> <i>n</i>	diaméter	diaméter

<b>dian</b> <i>n</i>	damar; lilin; palita	damar
<b>diang</b> <i>v</i> , <b>berdiang</b> <i>v</i>	sidéang; siduru	diatengnang
<b>mendiang</b> <i>v</i>	jenat	jenat
<b>pendiangan</b> <i>n</i>	tempat pikeun sidéang	tungku
<b>diare</b> <i>n</i>	mencérét	mencérét
<b>didih, mendidih</b> <i>v</i>	ngagolak	umeb
<b>didik, mendidik</b> <i>v</i>	ngadidik; ngatik	ndidik
<b>pendidik</b> <i>n</i>	nu ngadidik; nu ngatik; guru	guru
<b>dikit, sedikit</b> <i>a</i>	saeutik; ( <i>lem</i> ) sakedik	setitik
<b>diktat</b> <i>n</i>	diktat	catetan
<b>diktator</b> <i>n</i>	diktator	diktator
<b>dikte</b> <i>n</i>	dikté	dikté
<b>mendikte</b> <i>v</i>	ngadikté	ndikté
<b>mendiktekan</b> <i>v</i>	ngadiktékeun	ndiktéaken
<b>dinamis</b> <i>a</i>	dinamis	dinamis
<b>dinamit</b> <i>n</i>	dinamit	dinamit
<b>dinamo</b> <i>n</i>	dinamo	dinamo
<b>dinas</b> <i>n</i>	dines	dines
<b>berdinas</b> <i>v</i>	nuju dines	lagi dines
<b>mendinaskan</b>	ngadineskeun	ndisaken
<b>dinding</b> <i>n</i>	dingding; pipinding	tembong
<b>berdinding</b> <i>v</i>	ngabogaan dingding; maké dingding	nduwéni témbok
<b>dingin</b> <i>a</i>	tiis; tiris	adem; atis
<b>mendingin</b> <i>v</i>	jadi tiis; jadi tiris	dadi atis
<b>mendinginkan</b> <i>v</i>	niiskeun; niriskeun	ngatisaken
<b>pendingin</b> <i>n</i>	alat pikeun niiskeun	alat kanggo ngatisaken
<b>kedinginan</b> <i>a</i>	katiisan; katirisan	kademen; katisen
<b>dingklik</b> <i>n</i>	jojodog	dingklik; bangku cilik
<b>dipan</b> <i>n</i>	dipan	dipan;
<b>direktris</b> <i>n</i>	diréktris; diréktur awéwé	diréktris; diréktur wadon
<b>direktur</b> <i>n</i>	diréktur	diréktur
<b>dirgantara</b> <i>n</i>	dirgantara; langit;	dirgantara; langit

	awang-awang	
<sup>1</sup> <b>diri</b> <i>n</i>	awak; badan	awak; badan
<sup>2</sup> <b>diri, berdiri</b> <i>v</i>	<b>1</b> nangtung; <b>2</b> ngadeg (wangunan jsb)	ngadeg
<b>mendirikan</b> <i>v</i>	<b>1</b> nangtungkeun; <b>2</b> ngadegkeun; ngawangun	ngadegaken
<b>dirus, mendirus</b> <i>v</i>	nyiram; nyébor	nyiram
<b>disiplin</b> <i>n</i>	tigin; taat; tuhu kana peraturan	tertib
<b>diskusi</b> <i>n</i>	tukeur pikiran	tuker pikiran
<b>berdiskusi</b> <i>v</i>	ngayakeun tukeur pikiran	nganaknang tuker pikiran
<b>doa</b> <i>n</i>	dua	donga
<b>berdoa</b> <i>v</i>	ngadua	dedonga
<b>mendoa</b> <i>v</i>	ngadua	ndonga
<b>mendoakan</b> <i>v</i>	ngaduakeun	ndongakaken
<b>doang</b> <i>p</i>	wungkul; ngan; ukur	mung
<b>dobel</b> <i>a</i>	dobel; rangkep dua	gancét
<b>dobi</b> <i>n</i>	binatu	wasré
<b>dobrak, memdobrak</b> <i>v</i>	ngadobrak	ndobrak
<b>pendobrak</b> <i>n</i>	nu ngadobrak	wong kang ndobrak
<b>dodol</b> <i>n</i>	dodol	dodol
<b>dodor, kedodoran</b> <i>a</i>	landung; ngoyondon	landung
<b>dokter</b> <i>n</i>	dokter	dokter
<b>doktor</b> <i>n</i>	doktorr	doktor
<b>doktoranda</b> <i>n</i>	doktoranda	doktoranda
<b>doktorandes</b> <i>n</i>	doktorandes	doktorandes
<b>dokumen</b> <i>n</i>	dokumen	dokumen; simpenan
<b>domain</b> <i>n</i>	daérah; wilayah; wewengkon	wewengkon; daérah
<b>dompet</b> <i>n</i>	tempat duit; dompét	dompét
<b>donatur</b> <i>n</i>	nu méré bantuan	wong kang ngupai bantuan
<b>dongak, mendongak</b> <i>v</i>	tangguh; ngadangheuak	ndangak
<b>dongeng</b> <i>n</i>	dongéng; carita	crita; kisah; dongéng



<b>dongkel</b> <i>n</i>	panyokél	dongké
<b>dongkol, mendongkol</b> <i>v</i>	kesel haté	mengkel
<b>donor</b> <i>n</i>	nu méré sumbangan; donor	sing ngupai sumbangan
<b>doping</b> <i>n</i>	ubar tambahan ngarah kuat	obat tambahan
<b>dorong</b> <i>v</i>	surung	surung
<b>mendorong</b> <i>v</i>	nyurung	nyurung
<b>terdorong</b> <i>v</i>	kasurungkeun; kajurung	kesurung
<b>dorongan</b> <i>n</i>	pangjurung	sokongan
<b>dosa</b> <i>n</i>	dosa	dosa
<b>dosen</b> <i>n</i>	dosén	dosén
<b>doyan</b> <i>a</i>	resep pisan; beuki	doyan; suka
<b>drama</b> <i>n</i>	drama	drama; sandiwara
<b>drum</b> <i>n</i>	dreum	drum
<b>dua</b> <i>num</i>	dua	loro
<b>berduaan</b> <i>v cak</i>	duaan; paduduaan	loroan
<b>dubur</b> <i>n</i>	liang tai; bool	silit; dubur
<b>duduk</b> <i>v</i>	diuk; calik	ndodok
<b>menduduki</b> <i>v</i>	ngadiukan	njagongi
<b>mendudukan</b> <i>v</i>	ngadiukkeun; nyalikeun	njagongnang
<b>kedudukan</b> <i>n</i>	tempat cicing; tempat digawé	pejagongan
<b>duel</b> <i>v</i>	gelut	gulet
<b>duga, menduga</b> <i>v</i>	ngaduga; nyangka	duga; kira
<b>menduga-duga</b> <i>v</i>	ngaduga-duga	nduga-nduga; ngira- ngira
<b>terduga</b> <i>v</i>	kaduka; bisa disangka	keduga
<b>dugaan</b> <i>n</i>	dugaan; sangkaan	sangkan; nduga
<b>penduga</b> <i>n</i>	<b>1</b> nu ngaduga; <b>2</b> alat pikeun ngaduga	<b>1</b> wong kang nduga; <b>2</b> alat nggo nduga
<b>duka</b> <i>a</i>	sedih; susah	duka; sedih; susah
<b>dukacita</b> <i>n</i>	kasedih; kasusah	kepatén; kesedihan
<b>duku</b> <i>n</i>	dukuh	duku
<b>dukuh</b> <i>n</i>	lembur; pakampungan	kampung

<b>dukun</b> <i>n</i>	dukun	dukun
<b>berdukun</b> <i>v</i>	datang ka dukun	mareki dukun
<b>mendukunkan</b> <i>v</i>	ngadukunkeun	ndukunaken
<b>dukung, mendukung</b> <i>v</i>	ngadukung; ngarojong	ndukung
<b>dukungan</b> <i>n</i>	dukungan; rojongan	royongan
<b>pendukung</b> <i>n</i>	nu ngadukung	wong kang ndukung
<b>dulu</b> <i>n</i>	baheula; ( <i>lem</i> ) kapungkur	bengiyen
<b>dunia</b> <i>n</i>	dunya	dunya
<b>keduniaan</b> <i>n</i>	kadunyaan	kadunyan
<b>dungu</b> <i>a</i>	bodo; tolol	bodo; goblog
<b>dupa</b> <i>n</i>	menyan	dupa; menyan
<b>pedupaan</b> <i>n</i>	parupuyan	pedupan
<b>durhaka</b> <i>a</i>	doraka	doraka
<b>mendurhakai</b> <i>v</i>	ngadorakaan	ndorakani
<b>pendurhaka</b> <i>n</i>	nu doraka	wong kang doraka
<b>duri</b> <i>n</i>	cucuk	eri
<b>berduri</b> <i>v</i>	cucukan	eriem
<b>berduri-duri</b> <i>v</i>	loba cucukan	akéh eriyé
<b>durian</b> <i>n</i>	durén; kadu	durén
<b>durjana</b> <i>a</i>	durjana; jelema jahat	durjana
<b>dusta</b> <i>a</i>	bohong; wadul	bohong
<b>berdusta</b> <i>v</i>	ngabohong	mbohongi; ngapusi
<b>mendusta</b> <i>v</i>	ngabohong	mbohongi
<b>mendustai</b> <i>v</i>	ngabohongan	mbohongi
<b>mendustakan</b> <i>v</i>	ngabohongkeun	mbohongaken
<b>pendusta</b> <i>n</i>	tukang ngabohong	tukang bohong; doyan bohong
<b>dusun</b> <i>n</i>	kampung; désa; lembur	kampung
<b>pedusunan</b> <i>n</i>	pakampungan	padésan
<b>duta</b> <i>n</i>	duta; utusan	utusan
<b>duyun, berduyun-duyun</b> <i>adv</i>	ngabring; ngaleut; ngabrul	rombongan
<b>duyung</b> <i>n</i>	duyung	duyung
<b>dwi-</b> <i>num</i>	dua	loro; kalih



## E

INDONESIA	SUNDA	CERBON
<b>ebi</b> <i>n</i>	ébi	rebon; ébi
<b>eceng</b> <i>n</i>	écéng	écéng
<b>ecer, mengecer</b> <i>v</i>	ngéténg	eténg; ngéténg ngécér
<b>eceran</b> <i>n</i>	kéténgan	éténgan écéran
<b>mengecerkan</b> <i>v</i>	ngéténgkeun	ngéténgaken
<b>pengecer</b> <i>n</i>	nu ngécérkeun	wong kang ngéténgaken
<b>edan</b> <i>a</i>	gélo; édan	édan; gélo; gebleg
<b>keedanan</b> <i>a</i>	kaédanan	kédanan
<b>edar</b> <i>v</i>	ider	édar
<b>mengedarkan</b> <i>v</i>	ngurilingkeun; ngideran	mideraken
<b>edaran</b> <i>n</i>	ideran	édaran; ideran
<b>pengedar</b> <i>n</i>	nu ngiderkeun	wong kang mideraken
<b>efek</b> <i>n</i>	akibat; pengaruh	akibaté
<b>egois</b> <i>a</i>	meunang sorangan; hawek	menang déwék
<b>egrang</b> <i>n</i>	égrang	égrang
<b>eja</b> <i>v</i> , <b>mengeja</b> <i>v</i>	ngéjah	ngéja
<b>ejaan</b> <i>n</i>	éjahan	ngéja
<b>ejan, mengejan</b> <i>v</i>	ngaheujeun	éjaan; ngeden
<b>ejek, mengejek</b> <i>v</i>	moyok	ngécé
<b>ejekan</b> <i>n</i>	poyokan	wahil; amahil;

		madani wadana
<b>ekor</b> <i>n</i>	buntut	buntut
<b>borekor</b> <i>v</i>	buntutan	duwé buntut
<b>mengekor</b> <i>v</i>	ngabuntut; nugturkeun	ngabuntut; niru; ngebuntut
<b>pengekor</b> <i>n</i>	nu niruan	wong kang ngebuntut
<b>eks</b> <i>a</i>	tilas; urut	bekas
<b>ekstrak</b> <i>n</i>	sari; cipati;	sari pati
<b>ekstrem</b> <i>a</i>	ékstrim	ékstrim
<b>elak</b> <i>v</i> , <b>mengelak</b> <i>v</i>	nyingcet; nyingkahan	ngibas; mungkir
<b>elang</b> <i>n</i>	heulang; alap-alap	manuk élang; wulung bahak
<b>elok</b> <i>a</i>	hadé; éndah	molék
<b>elus</b> <i>v</i> , <b>mengelus</b> <i>v</i>	ngusap	ngelus
-- <b>dada</b> <i>v</i>	ngusap dada	ngelus dada
<b>mengelus-elus</b> <i>v</i>	ngusapan	ngelus-ngelus
<b>elusan</b> <i>n</i>	usapan	elusan
<b>emas</b> <i>n</i>	emas	emas
<b>embara, mengembara</b> <i>v</i>	ngumbara, ngalalana	ngelelana; ngumbara
<b>pengembara</b> <i>n</i>	nu ngumbara; kalana	tukang lelungan; tukang lelana
<b>pengembaraan</b> <i>n</i>	pangumbaraan	pengembaraan; pangumbaraan
<b>embat</b> <i>v</i> , <b>mengembat</b> <i>v</i>	<b>1</b> nyempret; ngarengket <b>2</b> maling, maok	njukut
<b>ember</b> <i>n</i>	émbér	émbér
<b>embun</b> <i>n</i>	ibun	hebun; ebun
<b>berembun</b> <i>v</i>	ibunan	ebunan
<b>mengembun</b> <i>v</i>	jadi ibun	dadi hebun; dadi ebun
<b>mengembungkan</b> <i>v</i>	ngibunkeun	kebunan; kabunan; kembonen; keembunen
<b>emis, mengemis</b> <i>v</i>	baramaén; jajaluk	tukang jajaluk; tukang baramaén

<b>pengemis</b> <i>n</i>	tukang jajaluk; tukang baramaén	wong ngemis; jajaluk
<b>emong, mengemong</b> <i>v</i>	ngasuh; ngaping ngajaring; ngatik	ngasuh
<b>emosi</b> <i>n</i>	ambek	ngambek hawa
<b>empang</b> <i>n</i>	<b>1</b> bendungan; tebat <b>2</b> balong gédé tempat miara lauk; tambak	émpang; balong
<b>empat</b> <i>num</i>	opat	papat; sekawan
<b>memperempat</b> <i>v</i>	ngabagi jadi opat	gawékena dadi papat; papatan
<b>perempatan</b> <i>n</i>	parapatan	papat; catur
<b>seperempat</b> <i>num</i>	saparapat	separapat
<b>empedu</b> <i>n</i>	hamperu	emperu; kawaya
<b>emping</b> <i>n</i>	emping	emping
<b>mengemping</b> <i>v</i>	nyieun emping	gawe emping
<b>empuk</b> <i>a</i>	hipu	empuk; hampuk
<b>emut</b> <i>v</i> , <b>mengemut</b> <i>v</i>	ngagelom; ngolomoh	ngemut
<b>enak</b> <i>a</i>	ngeunah; genah	éca; énak; pelag
<b>keenakan</b> <i>n</i>	kangeunahan	kenakan; kenaken
<b>seenaknya</b> <i>a cak</i>	sangeunahna	seénaké
<b>enam</b> <i>num</i>	genep	genep; nenem
<b>enau</b> <i>n</i>	kawung	arén
<b>encer</b> <i>a</i>	éncér	éncér
<b>endrin</b> <i>n</i>	éndrim	éndrim
<b>engah, engah-engah</b> <i>n</i>	enggeuh	ngegap; megap-megap
<b>terengah-engah</b> <i>v</i>	haruhah-haréhoh; hos-hosan	megap-megap
<b>enggan</b> <i>adv</i>	embung; teu hayang; teu suka	sungkan; ogah
<b>entah</b> <i>adv</i>	duka	embuh; duka; wikan
<b>entas</b> <i>v</i> , <b>mengentas</b> <i>v</i>	ngangkat; ngaluarkeun; nyadarkeun	entas; ngentas
<b>enteng</b> <i>a</i>	hampang	gengsar; énténg
<b>eram, mengeram</b> <i>v</i>	nyileungleum	enggram

<b>erat</b> <i>a</i>	<b>1</b> pageuh; <b>2</b> rakét	kenceng
<b>mengeratkan</b> <i>v</i>	mageuhkeun	ngencengaken
<b>mempererat</b> <i>v</i>	<b>1</b> ngajadikeun leuwih pageuh atawa kuat; <b>2</b> ngajadikeun leuwih akrab atawa leuwih layeut atawa dalit	gawé luwih kenceng
<b>erti</b> <i>n</i>	arti; makna	arti; makna
<b>mengerti</b> <i>v</i>	ngarti	ngerti
<b>mengertikan</b> <i>v</i>	ngartikeun	ngartikaken
<b>pengertian</b> <i>n</i>	pangarian	pengertian; pangartiyan
<b>es</b> <i>n</i>	és	és
<b>esa</b> <i>num</i>	hiji; ésa	siji; setunggal; ésa
<b>mengesakan</b> <i>v</i>	ngaésakeun	ngésakaken
<b>keesaan</b> <i>n</i>	kaésaan	keésaan
<b>esok</b> <i>n</i>	isuk; isukan	sukiki; bénjing
<b>eyang</b> <i>n</i>	aki; abah	éyang
<b>eyel</b> <i>a</i>	keukeuh peuteukeuh	ngéyéél

# F

INDONESIA	SUNDA	CERBON
<b>faedah</b> <i>n</i>	paédah; guna; mangpaat	manfaat; mangpaat
<b>berfaedah</b> <i>v</i>	boga paédah; guna	duwé mangfaat
<b>fajar</b> <i>n</i>	pajar	pajar; rahinakala
<b>fakir</b> <i>n</i>	pakir; jelema nu ngahaja ngisat diri	pekir; pakir
<b>fakir miskin</b> <i>n</i>	jalma kakurangan	pakir miskin
<b>falak</b> <i>n</i>	palak; palintangan; ilmu béntang-béntang	ilmu lintang
<b>falsafah</b> <i>n</i>	palasipah; pilsapat	pandangan urip
<b>famili</b> <i>n</i>	kulawarga	keluarga
<b>fanatik</b> <i>a</i>	panatik	panatik
<b>fana</b> <i>a</i>	teu langgeng	fana; pana
<b>fase</b> <i>n</i>	tahapan waktu tahapan pertumbuhan	tahapan; undagan
<b>fasih</b> <i>a</i>	teu langgeng	lancar paséh
<b>fasilitas</b> <i>n</i>	pasilitas	pasilitas
<b>fatwa</b> <i>n</i>	naséhat bagbagan hukum Islam; patwa	nasékat
<b>favorit</b> <i>n</i>	nu pang dipikaresep; nu pang dipikahayang	kang disenengi; kang kawedar
<b>film</b> <i>n</i>	pilem	gambar urip
<b>fisik</b> <i>n</i>	awak	badan; awak
<b>fitnah</b> <i>n</i>	pitenah	upet; mungpet
<b>flu</b> <i>n</i>	pileg; salésma	pilek



---

<b>formal</b> <i>a</i>	pormal	resmi
<b>foto</b> <i>n</i>	poto; potrét	potrét; potrép
<b>fototustel</b> <i>n</i>	kodak	kodak
<b>frustasi</b> <i>n</i>	rasa kuciwa; reutas harepan	putus asa; prustasi
<b>fungsi</b> <i>n</i>	kagunaan	guna; mangpaat
<b>berfungsi</b> <i>v</i>	boga kagunaan	duwéni guna (mangpaat) gunaaken
<b>memfungsikan</b> <i>v</i>	ngagunakeun	ngagunaken

## G

INDONESIA	SUNDA	CERBON
<b>gabah</b> <i>n</i>	bangsal	gaba(h)
<b>gabung</b> <i>n</i>	gabung	gebung; nyampur
<b>bergabung</b> <i>v</i>	ngagabung	nyampur; nggabung
<b>menggabungkan</b> <i>v</i>	ngagabungkeun	nggabungaken
<b>tergabung</b> <i>v</i>	kagabung	kegabung
<b>gabungan</b> <i>n</i>	gabungan	gabungan
<b>gadai</b> <i>v</i>	gadé	gadé
<b>menggadaikan</b> <i>v</i>	ngagadékeun	gadéaken
<b>pegadaian</b> <i>n</i>	pagadéan	pegadéan
<b>gadis</b> <i>n</i>	mojang; lajang; parawan	prawan
<b>gado, menggado</b> <i>v</i>	nambul (teu disanguan)	gado; nambul
<b>gado-gado</b> <i>n</i>	gado-gado	gado-gado
<b>gaduh</b> <i>a</i>	ribut; gandéng	bribing; rebut
<b>kegaduhan</b> <i>n</i>	riributan; kakacowan	kebribinan; keributan
<b>gadung</b> <i>n</i>	gadung	gadung
<b>gaga</b> <i>n</i>	huma	gaga
<b>gagah</b> <i>a</i>	kuat; rosa; rongkah	gagah; beprak; perténté
<b>menggagahi</b> <i>v</i>	maksa mirusa: ngagadabah	nggagahi
<b>gagak</b> <i>n</i>	gagak	gagak
<b>gagal</b> <i>v</i>	gagal	gagal
<b>menggagalkan</b> <i>v</i>	ngagagalkeun;	ngegagalnang;

	ngabolaykeun	nggagalaken
<b>gagang</b> <i>n</i>	gagang	gagang; pang
<b>gagap</b> <i>n</i>	aga-eugeu; ngatog	gagu
<b>gaib</b> <i>v</i>	gaib; goib	gaib
<b>gajah</b> <i>n</i>	gajah	gajah; haliman; liman
<b>gaji</b> <i>n</i>	gajih; buruh	pituwah; buruh
<b>gajian</b> <i>n</i>	gajihan	gajian
<b>galah</b> <i>n</i>	gantar	sodoran; galah
<b>galak</b> <i>a</i>	galak	judhes; galak
<b>menggalakkan</b> <i>v</i>	ngagalakkeun; ngagiatkeun	ngewekelaken
<b>galang</b> <i>n</i>	gagalur	galang
<b>menggalang</b> <i>v</i>	maké ganjel	ngegaleng
<b>galangan</b> <i>n</i>	<b>1</b> tempat ngoméan kapal; <b>2</b> galengan (sawah)	galangan
<b>galau</b> <i>a</i>	riwuh; paciweuh teu puguh	kacau; bimbang
<b>gali, menggali</b> <i>v</i>	ngali	gali
<b>galian</b> <i>n</i>	galian	njublag; blumbang
<b>gambar</b> <i>n</i>	gambar	gambar
<b>menggambar</b> <i>v</i>	ngagambar	nggambar
<b>menggambari</b> <i>v</i>	ngagambaran	nggambari
<b>menggambarkan</b> <i>v</i>	ngagambarkeun	nggambaraken
<b>tergambar</b> <i>v</i>	kagambar	kegambar
<b>gambaran</b> <i>n</i>	gambaran	bayangan; gambaran
<b>gamblang</b> <i>a</i>	tétéla; écés; jelas	gamblang; jelas; terang
<b>gamelan</b> <i>n</i>	gamelan	gamelan; tabuan
<b>gampang</b> <i>a</i>	gampang; babari	gampang; gampang
<b>menggampangkan</b> <i>v</i>	ngagampangkeun	gampangaken
<b>gampang</b> <i>a</i>	gampang pisan; babari pisan	gampangang; gampangnang
<b>gampar, menggampar</b> <i>v</i>	nampiling	nempiling; gampleng; ngéprét
<b>ganas</b> <i>a</i>	gangas; galak; kejem	ganas; wrangas; brangas

<b>mengganas</b> <i>v</i>	meuweuh; ngagalaksak; mahabu	dadi ganas; dadi wrangas; dadi brangas
<b>ganda</b> <i>n</i>	kali; lipet; rangkep	rangkep; ganda; dobel
<b>menggandakan</b> <i>v</i>	ngalipetkeun; rangkep-rangkep	ngrangkepaken; ngrang-keupnang; nggandanang
<b>gandeng</b> <i>v</i>	<b>1</b> nyambung aya hubungan; <b>2</b> réndéng	gandéng; nuntun
<b>bergandengan</b> <i>v</i>	<b>1</b> pacekel-cekel leungeun; <b>2</b> dua barang diréndéngkeun atawa diruntuykeun ku tali, jsb.	gandéngan; tuntunan
<b>menggandeng</b> <i>v</i>	ngagédéng	nggandéng; tuntunan
<b>menggandengkan</b> <i>v</i>	ngaruntuykeun	gandéngaken; nuntunaken
<b>gandul</b> <i>n</i>	babandul	gandul; gantung; bandul
<b>gang</b> <i>n</i>	gang	gang; lurung
<b>ganggu, mengganggu</b> <i>v</i>	ngaganggu; ngagoda	ngeganggu; ngusik;
<b>terganggu</b> <i>v</i>	kaganggu	keganggu; keusik
<b>ganjal</b> <i>n</i>	ganjel	ganjel; cengkal
<b>mengganjal</b> <i>v</i>	ngaganjel	ngeganjel
<b>ganjalan</b> <i>n</i>	ganjelan	ganjelan
<b>ganjar</b> <i>v</i>	ganjar	ganjar
<b>mengganjar</b> <i>v</i>	ngaganjar	ngupahi pahala
<b>ganjaran</b> <i>n</i>	ganjaran	pahala; ganjaran
<b>ganjil</b> <i>a</i>	<b>1</b> anéh; teu ilahar; <b>2</b> gangsalsal	ganjil
<b>ganteng</b> <i>a</i>	gagah; kasép	ganteng; kasép
<b>ganti, berganti</b> <i>v</i>	ganti; genti; gentos	ganti; gentos; genti; gantén
<b>berganti-ganti</b> <i>v</i>	gunta-ganti	gonta-ganti; genténan
<b>mengganti</b> <i>v</i>	ngaganti	nggenti; nuker; gentina
<b>menggantikan</b> <i>v</i>	ngagantikeun	ngganténi; nggantosi;

		nggantiaken;
		gantingan
<b>gantung</b> <i>v</i>	gantung	gratul; gandel; gantung
<b>bergantung</b> <i>v</i>	ngagantung;	kurantil; nggantung
	ngagawing	
<b>menggantung</b> <i>v</i>	ngagantung	gratul; nggandel;
		ngegantung
<b>menggantungkan</b> <i>v</i>	ngagantungkeun	ngantungaken
<b>tergantung</b> <i>v</i>	gumantung	grantul; nggandel;
		kegantung
<b>gantungan</b> <i>n</i>	gantungan	gantungan; cantolan
<b>ganyong</b> <i>n</i>	ganyong	ganyong
<b>gapai</b> <i>v</i>	ngahontal	ranggep; ngawé
<b>menggapai</b> <i>v</i>	ngahontal	ngranggep
<b>menggapai-gapai</b> <i>v</i>	gupuy-gapay	ngranggep-nranggep;
		ngawé-ngawé
<b>gapleh</b> <i>n</i>	gapléh	gapléh
<b>gapura</b> <i>n</i>	gapura	gapura
<b>garam</b> <i>n</i>	uyah	uyah; sarem
<b>menggarami</b> <i>v</i>	nguyahan	ngupahi uyah, nguyahi
<b>garang</b> <i>a</i>	galak; gangas; bengis	garang; galak
<b>garansi</b> <i>v</i>	haransi; jaminan	garansi
<b>garap, menggarap</b> <i>v</i>	ngagarap; migawé	nggarap; ngolah;
		molah
<b>garis</b> <i>n</i>	gurat; garis	garis; gorét
<b>-- bawah</b>	gurat handap	garis sor; garis isor
<b>menggaris</b> <i>v</i>	ngagaris; ngagurat	nggaris
<b>menggarisi</b> <i>v</i>	ngagarisan;	nggarisi
	ngaguratan	
<b>penggaris</b> <i>n</i>	jidar	garisan; mistar
<b>segaris</b> <i>n</i>	sagaris	segaris
<b>menggarisbawahi</b> <i>v</i>	ngagurathandapan	ngaris esor
<b>garong</b> <i>n</i>	garong; rampog	garong; rampok
<b>garpu</b> <i>n</i>	garpuh	garpu
<b>garuda</b> <i>n</i>	galudra	manuk garuda; paksi
<b>garuk, menggaruk</b> <i>v</i>	ngagaro	ngukur
<b>menggaruki</b> <i>v</i>	ngagaroan	ngukur-ngukur

<b>gas</b> <i>n</i>	gas	gas
<b>gasing</b> <i>n</i>	panggal	gangsing
<b>gatal</b> <i>v</i>	ateul	gremet; gatel
<b>gaul, bergaul</b> <i>v</i>	campur; gaul	bebatur; nuroni; bebaturan;
<b>gaun</b> <i>n</i>	erok; baju panjang	rok; klambi
<b>bergaun</b> <i>v</i>	maké erok	anggo rok; anggo klambi
<b>gaung</b> <i>n</i>	aweuhan	kemandang; gaung
<b>gawang</b> <i>n</i>	gawang	gawang
<b>gawat</b> <i>a</i>	genting	genting; erit
<b>gaya</b> <i>n</i>	légég; gaya	gaya; légég
<b>bergaya</b> <i>v</i>	ngagaya	gegaya; ngeléég; petatag-petéténg
<b>gayung</b> <i>n</i>	gayung; siwur	cibuk; canting; siwur
<b>gebah, menggebah</b> <i>v</i>	ngagebah	nggusa; nggebah
<b>gebrak, menggebrak</b> <i>v</i>	ngagebrag	entag; gembrag
<b>gebrakan</b> <i>n</i>	gembragan	entagan; gembragan
<b>gebu, menggebu</b> <i>v</i>	ngagedur	semanget
<b>gebuk, menggebuk</b> <i>v</i>	ngagebug	nggebuk
<b>menggebuki</b> <i>v</i>	ngagebuan	ngebugi
<b>gedor, menggedor</b> <i>v</i>	ngagedor	ngegedor
<b>gedung</b> <i>n</i>	gedong	gedong
<b>gegabah</b> <i>a</i>	gagabah	gegaba(h); sembrono
<b>gegas, bergegas-gegas</b> <i>v</i>	rurusuhan; gagancangan	gagé-gagé; buru-buru
<b>gejala</b> <i>n</i>	tanda-tanda; alamat	cicirén; ciri-ciri
<b>gelang</b> <i>n</i>	geulang; pinggel	gelang; kana
<b>pergelangan</b> <i>n</i>	pigeulang	ugel-ugel
<b>gelantung, menggantung</b> <i>v</i>	ngagulantung	glantungan
<b>bergelantungan</b> <i>v</i>	gugulantung	pating glantungan; pating glantung
<b>gelap</b> <i>a</i>	poék	peteng hireng
-- <b>gulita</b>	poék mongkléng	peteng rubet; peteng jimét
<b>bergelap-gelap</b> <i>v</i>	mopoék	peteng-petengan

<b>menggelapkan</b> <i>v</i>	<b>1</b> moékan; <b>2</b> ngagab duit lain hakna	metengaken
<b>kegelapan</b> <i>n</i>	kapoékan	petengan
<b>gelar</b> <i>n</i>	gelar	gelar; panji
<b>bergelar</b> <i>v</i>	boga gelar	apanji; jejuluk
<b>gelas</b> <i>n</i>	gelas	gelas
<b>gelatik</b> <i>n</i>	galatik	gelatik
<b>geledah, menggeledah</b> <i>v</i>	ngagaladah; ngarahrah	ngegelédah
<b>geleng, menggeleng</b> <i>v</i>	gideug; godég	gelengaken ndas; godég
<b>menggeleng-gelengkan</b> <i>v</i>	gogodeg; gigdeug	géléng-géléngaken
<b>geletak, menggeletak</b> <i>v</i>	ngagolér; ngagolétak	glétak, nggeléthak
<b>geli</b> <i>n</i>	géték	kéri
<b>geliat, menggeliat</b> <i>v</i>	nguliat	ngulét gegasa
<b>gelimpang</b> <i>v</i>	patinggolétak; ngagalolér	gelimpang gulimpang
<b>bergelimpang</b> <i>v</i>	patinggalolér	gulimpangan; glimpangan
<b>gelincir</b> <i>v</i> <b>menggelincir</b> <i>v</i>	nyolédát	mingslep melését
<b>tergelincir</b> <i>v</i>	tisolédát	keplését; kesléo
<b>gelinding</b> <i>v</i>	gilinding	glinding; gelinding; glundung
<b>menggelinding</b> <i>v</i>	ngagilinding	ngglinding; ngglundung
<b>menggelindingkan</b> <i>v</i>	ngagilindingkeun	glindingaken; nglundungaken
<b>gelingsir, bergelingsir</b> <i>v</i>	nyorosot; nyorodot; lingsir (panonpoé)	glingsing; mrosot
<b>gelintir</b> <i>n</i>	sawaréh	glintir; gelintir
<b>segelintir</b> <i>n</i>	sawaréh	seglintir
<b>gelisah</b> <i>a</i>	guligah marudah	glingsikan; water
<b>menggelisahi</b> <i>v</i>	ngaguligahan	gelisah nang; water nang
<b>menggelisahkan</b> <i>v</i>	ngaguligahkeun	gawé resah; gawé water

